

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data ngeunaan métode *sugestopedia* dina ngaronjatkeun kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng), kapanggih data saperti ieu di handap.

1. Kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *sugestopedia* ngaronjat. Ditingali tina bédana rata-rata peunteun pratés jeung pascaté. Peunteun pratés **52,58** jadi **70,15** kalawan béda **17,57**.
2. Ayana béda anu signifikan antara kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *sugestopedia* dina prosés ngajar. Hal ieu bisa katitén tina uji gain anu rata-rata gainna nya éta **17,58**.
3. Tina uji hipotésis anu nétélakeun yén $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta **31,39 > 2,398** bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén métode *sugestopedia* signifikan, éféktif, jeung bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén métode *sugestopedia* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) siswa kelas XI B3 SMA Pasundan 1 Bandung.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan nyarita dongéng (ngadongéng) ngagunakeun métode *sugéstopedia*, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan nya éta :

- a. Métode *Sugéstopedia* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nyarita dongéng (ngadongéng), lantaran kabukti signifikan tur bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa.
- b. Ayana panalungtikan ngeunaan métode *Sugestopedia* dina matéri pangajaran lianna pikeun leuwih ngabuktikeun signifikan jeung alus henteuna ieu métode nalika dilarapkeun dina pangajaran;
- c. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun métode *Sugestopedia*.